# Алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнын
# Темæ: «Мæ райгуырæн бæстыхай»
# хистæр къорды №7 «Дидинæг»



Хъомылгæнæг: Реуазты И.М.

г.Алагир, 2021 г.

**Нысантæ:** Уæрæхдæр кæнын сывæллæтты зонындзинæдтæ райгуырæн бæстæйы тыххæй.

Сывæллæттимæ ныффидар кæнын горæттæ æмæ цæугæдæтты нæмтимæ.

Рæзын кæнын сабиты хъусдард, хъуыдыкæнынад, фæлгæнæн.

Хъомыл кæнын сабиты, цæмæйц сæрыстыр уой сæ райгуырæн бæстæйæ.

**Æрмæг:** нывтæ карта Цæгат Иристоны, нывтæ -хæхтæ, цæугæдæтæ.

**Ахуыры нывæст:**

Сывæллæттæ, тымбыл аллæууæм,
Æмæ мидбылты бахæуыдæм
Кæрæдзийы къухтæ райсæм
Æмæ амдзæгъдкæнæм.
Тынг хорз. Нæ уазджытæн цы хъуамæ зæгъæм? (Уæ райсом хорз.)
Сывæллæттæ, байхъусут - ма æмдзæвгæмæ.

Уарзын дæу, мæ Райгуырæн хæхбæстæ,
Цъититæ, æхсæрдзæнты нæрын.
Райгуырæн Ир, кадджын дæ мæ цæсты,
Амонд у дæ хъæбысы цæрын!

Зæгъут-ма мын, цæй тыххæй у æмдзæвгæ? (Нæ райгуырæн бæстæйы тыххæй).

Æмæ нæ республикæ цымæ куыд хуыйны, кæм цæрæм?

(Цæгат Ирыстоны-Алани) Тынг раст сывæллæттæ..

Ныр-та абалц кæнæм нæ райгуырæн бæстæйыл.

Иумæ балцы мах цæуæм,
Бирæ диссæгтæ уынæм.
Бæрзонд хæхтæ, тыгъд быдыртæ,
Алы хуызон дидинтæ.

Сывæллæттæ бакæсут-ма мæнæ Цæгат Ирыстоны картæ. Картæ цы у, чи йæ зоны?

Картæйыл бæрæггонд сты горæттæ, хъæутæ, сæйраг фæндæгтæ, цæугæдæттæ.

Зæгъуыт-ма, нæ сæйраг горæт та цы хуыйны? (Дзæуджыхъæу)

Мах та кæцы горæты цæрæм? (Алагир) Цавæр горæттæ ма зонут?

(Ардон, Дигора, Беслан, Мæздæк)

Сывæллæттæ, Цæгат Ирыстоны æрдз цæмæй хъуыстгонд у? (Йæ хæхтæй)

Ирыстоны сæрыстыр у йæ хæхтæй. Хæхтæ сты тынг бæрзонд, сæ цъуппытыл цы ми тис, уый сæрдыгон дæр нæ тайы- уыдон сты цъититæ. Хæхтæй сырсыргæнгæ згъорынц иxджын цæуæгæдæттæ.

Бакæсут-ма, æрвхуыз хæххытæ цы бæрæг кæнынц?(Цæугæдæттæ)

Зæгъуыт-ма, Дзæуджыхъæуы цавæр цæугæдон цæуы? (Терчъы дон)

Нæ горæты Алагиры та? (Арыдоны дон) Нодджыдæр цавæр цæугæдæттæ зонут?

(Фиагдоны дон, Цраудон, Джызæлдон) Тынг раст.

Æмæ цæмæй нæ горæт æмæ цæугæдæттæ сыгъдæг уой, цы хъæуы кæнын?

(Алчи дæр хъуамæ æфснайа йæ бырон. Цæугæдæттæм дæр нæй цæ ппарæн)

Ныр-та акæнæм уылæфтыминут.

Иу, дыуугæ, æртæ, цыппар,

Къухтæ гуырыл, къухтæ риуы размæ тил.

Кафгæ дæ алыварс æрзил.

Гæпп фæстæмæ, гæпп фæстæмæ,

Гæпп, гæпп, гæпп

Рæвдзæр фæндыр, рæвдздæр цагъд,

Хистæр сабитæн æмдзæгъд.

Сывæллæттæ, алы бæстæйæн дæр ис йæхи тырыса. Æркæсут-ма æмæ зæгъут, кæцы бæстæмæ хауынц тырысайæн йæ хуызтæ? (Цæгат Ирыстоны тырысайыл)

Тырысайы хуызтæй алкæцыйæн дæр ис йæхи нысан.

Уæллаг урс уадздзаг цы амоны? (Уæздандзинад, æмбаргæдзинад, сыгъдæгдзинад, зæрдæхæардзинады символ).

Астæуккаг сырх уадздзаг цы амоны? (Хъæбатырдзинад, æхсардзинады символ)

Бур уадздзаг та цы амоны? (Хъæздыгдзинад, бæркад)

Тынг хорз сывæллæттæ. Фæнды уæ къуыхтæй акуысын?

Уæдæ кæрæдзийы фæстæ аллæуæм.

Балцæй мах цæуæм, цæуæм

Нæ рæвдауындонмæ тагъд кæнæм.

Федтам мах нæ бæрзонд хæхтæ,

Цъæх бæлæстæ, ихджын дæттæ.

Сабитæ стъæлты уæлхъус ма æрбадут. Нæ къорды цы æрмæг æрцæттæ кодтам уыдон сты нæ разы.

Фыццаг цавæр хуыз цæуы нæ тырысайы? (Урс).

Уæдæ уал кусæм урс хуызимæ. Баныхасæм уал урс .

Уый фæстæ та цавæр хуыз нæ тырыса? ( Сырх) Ныхасæм сырх хуыз.

Æртыккаг хуыз та цавæр у?( Бур) Баныхасæм бур хуыз.

Равдисæм ма нæ куыстытæ. Тынг рæсугъд нын рауад нæ тырыса.

Хатдзæг:

Сывæллæттæ,уæ зæрдæмæ фæцыди нæ балц?

Балцы цæимæ базонгæ стæм?